

**UPDATED: 08/2011**

## **FÈY ENFÒMASYON SOU SIKLÒN TROPIKAL/ORAGAN**

### **KESYON MOUN POZE SOUVAN MONKSID KABÒN**

#### **K. Kisa Monksid kabòn ye?**

**R.** Monksid kabòn (CO) se yon gaz sa odè, koulè, gou ki entèfere ak delivrezon oksijèn nan san ak rèz kò w epi li se yon gwo pwazon.

#### **K. Ki Sous Prensipal Ki Degaje Gaz CO?**

**R.** Monksid Kabòn fòme lè gen konbistib tankou chabon, bwa, chabon bwa, gaz natirèl, gazolin, dyezèl, kewozin, ak lwil pou chofay ki pa fin boule konplètman. Bagay ki ka degaje li se Jeneratris (dèlko) pòtab, ti motè gazolin piti, fou griyad ki sèvi ak chabon bwa, fou ki sèvi ak gaz, tiyo echapman otomobil ki nan garaj fèmen, ak lafimen tabak. Ka gen yon seri pwoblèm ki ka rive poutèt aparèy kap emèt gaz CO yo pa byen plase, oubyen yo pa byen enstale, oubyen poutèt yo mal sèvi avèk yo, oubyen poutèt yo pa byen antretni yo. Sistèm echapman pou aparèy kap boule konbistib e ki enstale nan kay an pèmanans ki pa byen monte oubyen ki pa fonksyone byen kapab fè nivo gaz CO a ogmante tou. Jeneratris pòtab yo ak fou griyad ki sèvi ak chabon bwa yo se sous prensipal ki degaje gaz CO, kidonk pa janm itilize yo andedan bilding, ni nan yon kote ki pasyèlman fèmen andedan yon bilding, ni bò kote yon pòt, ni bò fenèt e ni bò yon ouvèti ki gen nan yon kay.

#### **K. Ki sentòm moun ki anpwazonnen ak Monksid Kabòn prezante?**

**R.** Tou depan de kantite gaz moun lan te respire, gaz CO ka bay fatig, feblès, doulè sou lestomak nan moun ki fè maladi kè, souf moun lan ka kout lè l fè efò, li ka bay kè plen (anvi vomi), tèt fè mal, moun lan ka gaye, moun lan ka pa gen tout kowòdinasyon l, vizyon l ka febli, li ka endispoze, epi gen dè ka grav kote moun yo mouri.

#### **K. Kisa W Ta Dwe Fè Si W Panse Ou Anpwazonnen ak gaz CO?**

**R.** Si w panse w ap soufri poutèt ou pran nan pwazon gaz monksid kabòn (CO), ou fèt pou al pran lè fre imedyatman. Etenn tout aparèy ki mache ak konbisyon epi soti kite kay la. Ale nan yon saldjans. Pa bliye fè doktè a konnen ou sispèk ou pran nan pwazon gaz CO. Pa inyore sentòm yo, espesyalman si gen plis pase yon moun ki resanti sentòm yo. Si ta gen yon ka anpwazonnman ak gaz CO, rele sèvis ijans lan nan 911 oswa rele Poison Information Center a (Sant Enfòmasyon sou Pwazon) nan 1-800-222-1222.

#### **K. Kisa ki Ka Fèt Pou Anpeche Anpwazonnman ak Gaz CO?**

**R.** Pou anpeche anpwazonnman ak gaz CO, ou fèt pou asire w ke tout aparèy ki degaje konbistyon yo (tankou chemine yo, recho fou yo, aparèy pou chofe dlo yo [watè itè], founo yo) byen regle defason pou yo mache selon rekòmandasyon konpayi ki fabrike yo bay, epi pou yo mache selon kòd lokal bilding yo, epi asire w ke recho fou yo ak chofay yo gen tiyo echapman pou van ki ale deyò, lèfini pou sistèm tiyo echapman yo sou bò pa yo pa gen fwit.

--kontinye--

Pinga itilize fou ak recho fou yo pou chofe kay ou. Pinga boule chabon bwa andedan yon kay, ni andedan yon kabin, ni nan yon machin-karavàn, oswa ni nan yon machin kanping. PA JANM kite motè yon machin oswa yon machin pou koupe gazon ap mache nan yon remiz oswa nan yon garaj, oubyen ankò nan nenpòt ki espas ki swa fèmèn nèt oswa fèmèn pasyèlman. PA JANM itilize jeneratris ki mache ak gaz oswa machin kap voye dlo ak presyon andedan yon bilding oswa andedan yon batisman. Si w fè van sikile nan yon bilding oswa nan yon batisman, sa pap anpeche nivo gaz CO akimile jouk li ka prezante yon danje pou lavi w.

Pa plase jeneratris pòtab yo oswa motè gazolin ki pòtab yo bò kote yon ouvèti ki nan yon kay (tankou bò fenèt, bò pòt, bò kote fenèt klimatizè, bò tiyo pou van chape)

### **K. E si Mwen Genyen Alam pou Monoksid Kabòn?**

**R.** Panse pou mete yon alam pou gaz CO andedan lakay ou. Komisyon sou Sekirite Pwodwi pou Konsomatè Etazini (US Consumer Product Safety Commission) rekòmande pou enstale yon alam gaz CO nan chak kay. Enstale alam gaz CO ki fonksyone ak pil oswa alam ki ploge nan kouran ak yon batri kòm sipleman selon rekòmandasyon konpayi ki fabrike yo bay pou enstale yo. Alam gaz CO a fèt pou l sètifye defason pou l reponn a egzijans dènnye estanda sekirite pou alam gaz CO (UL 2034, IAS 6-96, CSA 6.19.01)

**SONJE:** Ou ka itilize alam pou monoksid kabòn yo (CO) kòm sipleman men ou pa ka itilize yo kòm ranplasman poutèt ou pa byen itilize, ni w pa byen plase e ni antretni aparèy kap boule konbistib yo oswa ekipman pòtab ki fonksyone ak gaz yo. Epitou, ou dwe konprann ke alam gaz CO yo fèt pou sonnen lè nivo gaz la ase wo. Lè w respire yon nivo gaz CO ki pi ba pase nivo alam lan, sa ka fè w resanti efè gaz la sou lasante w, sitou nan moun ki sansib avèk gaz CO a (pa egzanp moun ki gen maladi kè ak maladi poumon).